bu Yàlla dogalee ci nit ki mu faatu a fi barab da koy def mu am fa aajo

Jële na ñu ci Matar Ibn Hukaamis- yal na leen Yàlla dollee gërëm - mu wax ne, Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «bu Yàlla dogalee ci nit ki mu faatu a fi barab da koy def mu am fa aajo».

[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne bu Yàlla dogalee ci jaam bi mu War a faatu a fi barab te moom nekku fa; da ko fay defal aajo mu dem fa, ñu jël fa ag ruuham.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65040